

Devlopman Tibebe nan Vant
Manman ak Lòt Chwa pou Sispann
yon Gwosès

<http://www.floridahealth.gov/programs-and-services/womens-health/pregnancy/community-involvement.html>



Lòt Chwa pou Sispann Gwosès

Gen sèvis swen sante ki disponib nan eta Florid pou fanm ansent yo pandan gwosès ak akouchman yo. Gen èd ki disponib tou pou swen tibebe a. Tout sèvis yo se sèvis yo bay an sekre.

FLORIDA PREGNANCY SUPPORT SERVICES PROGRAM (PWOGRAM SÈVIS SIPÒ POU GWOSÈS

LAFLORID) Sant sipò pou gwosès yo founi enfòmasyon, edikasyon ak konsiltasyon, ak sèvis pou ankouraje nesans pou fanm ansent yo sèlman. Sant sa yo founi sèvis sa yo pandan gwosès ak jiska yon (1) ane apre akouchman, si manman an ta vle. Orè operasyon yo varye nan yon sant a yon lòt men prèske tout nan yo ouvri apatide 8 am jiska 5 pm. Genyen tou yon liy dirèk ki la 24 sou 24 defason pou fanm yo ka rele pou èd: **1-866-673-4673 (HOPE);** **www.floridapregnancysupportservices.com.**

FAMILY HEALTH LINE Si yon fanm ansent gen pwoblèm pou jwenn swen sante pou tèt li ak pou tibebe li, fanm sa a kapab rele Family Health Line (ki te rele Healthy Baby Hotline anvan). Nimewo sa a se yon nimewo pou rele gratis toupatou nan eta a. **1-800-451-BABY (2229)**, Lendi-Vandredi, 8:00 a.m.–11:00 p.m., Fizo Orè Lès; Samdi ak Dimanch, 10:30 a.m.–6:30 p.m., Fizo Orè Lès.

MEDICAID Fanm ki bezwen èd finansye pou resewa swen anvan-akouchman kapab kontakte depatman sante lokal yo pou yon evalyasyon sou kalifikasyon yo ak aplikasyon pou Medicaid: **http://www.floridahealth.gov/programs-and-services/county-health-departments/find-a-county-health-departmen index.html**

Medicaid peye pou swen anvan-akouchman ak akouchman, swen tibebe, swen apre-akouchman, ak

sèvis planing famiyal pou fanm k ap viv avèk revni limite. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb ACCESS Florid nan **http://www.myflorida.com/accessflorida/**, oswa kontakte Biwo lokal Sèvis Ekonomik Depatman Timoun ak Fanmi: **https://www.dcf.state.fl.us/programs/access/map.shtml**

PWOGRAM ADOPSYON FLORID

Sant Enfòmasyon sou Adopsyon Florid bay non ajans adopsyon lokal ki gen lisans yo, gwoup sipò yo, sèvis konsèy yo, ak kay ki gen matènite yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Sant Enfòmasyon Adopsyon Florid: **1-800-96-ADOPT (1-800-962-3678)**, oswa **deyò Florid, 1-904-353-0679**; Lendi–Vandredi, 8:00 a.m.–5:00 p.m., Fizo Orè Lès; **www.adoptflorida.com.**

HEALTHY START Fanm ansent ak tibebe ki nan risk pou gen pwoblèm posib kalifye pou Healthy Start, yon pwogram ki ede fanm ansent yo ak tibebe yo resewa sèvis ak sipò ki ka gen ladan:

- Swen anvan-akouchman ak planing famiyal
- Konsèy nan sante mantal
- Edikasyon sou akouchman ak sou fason pou edike timoun
- Sispann fimèn
- Konsèy/rekòmandasyon pou abi estipefyan
- Rekòmandasyon pou sèvis espesyalize ak lòt sèvis sou baz endividyèl

Pou jwenn enfòmasyon sou Healthy Start, ale nan sit wèb **http://healthystartflorida.com/who-we-are/coalition-map/**

Illustrations courtesy of the Pennsylvania Department of Health.

Devlopman Nòmàl Tibebe nan Vant Manman

SEMÈN FÒMASYON: Dire tan ki pase depi lè ou gen dènye règ ou.

KONSEPSYON (FEKONDASYON): Lè espèm yon gason fekonde ze yon fanm.

OVIL: Peryòd ki ant fekondasyon an jiska apeprè 3 semèn.


ANBRIYON: Peryòd ant twa (3) semèn apre fekondasyon an ak 8 semèn.

FETIS: Peryòd ant 8 semèn apre fekondasyon ak akouchman an.

FÒMASYON NAN 4-5 SEMÈN

Jiska 3 semèn apre fekondasyon.

- Nan 1 semèn fekondasyon, ze a (ovil) kòmanse separe ak devlope rapidman.
- Ovil nòmàl la genyen 46 kwomozòm (23 nan chak paran).
- Ovil la antre nan matris manman an nan 7-9 jou apre fekondasyon an.
- Nan 17yèm jou a, san sikile nan mitan veso sangen anbriyon an ak plasanta a.



FÒMASYON NAN 8 SEMÈN

6 semèn apre fekondasyon.

- Anbriyon an mezire 1 pous nan longè, epi li peze mwens pase 1 ons.
- Kè a fòmè nèt.
- Dwèt yo, zòtèy yo, zòrèy yo, popyè yo ak lèy siperyè a fòmè.



FÒMASYON NAN 12 SEMÈN

10 semèn apre fekondasyon.

- Kounye a, fetis la mezire 2½-3 pous nan longè, epi li peze apeprè yon ons.
- Fetis la devlope po, zong men, zong pye, ak premye ti boujon dan yo.
- Zo fetis la kòmanse parèt, epi fetis la fè ti mouvman nòmàl kounye a.
- Ren fetis la kòmanse pwodui pipi.
- Estimilis lokal yo kapab plise zye, louvri bouch ak koube zòtèy yo.



NAN 6 SEMÈN FÒMASYON

4 semèn apre fekondasyon.

- Anbriyon an mezire apeprè ¼ pous nan longè.
- Ti bout bra ak janm ap devlope.
- Tib neral la kòmanse fòmè; sa vin sèvo a ak mwèl epinyè a.
- Kè a ak poumon yo kòmanse fòmè.
- Kè a kòmanse bat nan 22yèm jou a.



FÒMASYON NAN 16 SEMÈN

14 semèn apre fekondasyon.

▪Kounye a, fetis la mezire apeprè 5 pous nan longè, epi li peze ant 4–5 ons.

▪Kounye a, fetis la kapab bay ti koutpye ak vale.

▪Po fetis la woz ak transparan.

▪Respirasyon fèt nòmalmman.



FÒMASYON NAN 28 SEMÈN

26 semèn apre fekondasyon.

▪Fetis la mezire apeprè 10 pous nan longè, epi li peze 2½ liv.

▪Kounye a, fetis la kapab louvri ak fèmen zye li, reyaji nan limyè ak son, epitou li kapab souse dwèt pous li.

▪Fetis la kapab bay ti kout pye ki fò, epi li kapab woule toutotou.



FÒMASYON NAN 20 SEMÈN

18 semèn apre fekondasyon.

▪Fetis la mezire apeprè 6 pous nan longè, epi li peze ½–1 liv.

▪Po fetis la mwen transparan, epi cheve fen kouvri kò a ak tèt la kounye a.

▪Fetis la anmezi pou vire ak fè piwèt, epi li anmezi pou fè peryòd aktivite ak dòmi.



FÒMASYON NAN 32 SEMÈN

30 semèn apre fekondasyon.

▪Fetis la mezire apeprè 11 pous nan longè, epi li peze 3–4 liv.

▪Zong men yo devlope nèt.

▪Kounye a, po fetis la woz ak lis.



FÒMASYON NAN 24 SEMÈN

22 semèn apre fekondasyon.

▪Fetis la mezire apeprè 7–8 pous nan longè, epi li peze ½–2 liv.

▪Po fetis la sanble gen rid ak koule wouj.

▪Aktivite fetis la ogmante avèk kout pye ak mouvman ki pi fò.

▪Zye yo prèske fòme nèt avèk sousi ak sil ki prezan.



FÒMASYON NAN 36 SEMÈN

34 semèn apre fekondasyon.

▪Fetis la devlope pou vin mezire 12–13 pous nan longè, epi li peze 5–6 liv.

▪Zong pye yo fòme nèt.

▪Grès kò a ap ogmante.



FÒMASYON NAN 40 SEMÈN

38 semèn apre fekondasyon.

▪Kounye a, fetis la konsidere tankou yon fetis ki atèm.

▪Longè mwayen an se 19–21 pous, epi pwa kò a ka ant 6 ak 9 liv.

